

## BAB II

### Gegaran Teori

#### A. Andharan Teori

##### 1. Pangertosan Novel

Novel miturut pamanggihipun Stanton (2007:90) : *Instead, it can and usually does present in detail the development of a character, or a large complex social situation, or a relationship involving many characters, or a complicated event covering many year, or a complex relationship among a few characters.*

Pangertosan ing nginggil menika negesaken bilih novel menika manggihaken langkung saking satunggal karakter, perkawis sosialipun ugi langkung rumit amargi kathah perkawis-perkawis saha gegayutanipun antawis paraga satunggal kalihan paraga sanesipun saha prastawa ingkang rumit ingkang sampun kalampahan wonten ing jaman rumiyin.

Saking pangertosan wonten ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih novel menika boten namung wonten satunggal paraga ananging langkung saking satunggal paraga. Wonten ing salebeting novel menika kathah perkawis-perkawis ingkang ndayani novel kasebat. Salajengipun wonten ing novel menika ugi nyariosaken perkawis ingkang wontenipun gegayutanipun antawisipun paraga kalihan paraga sanesipun saha perkawisipun taksih wonten gegayutanipun kalihan jaman

rumiyin satemah perkawisipun rumit. Miturut Abrams lumantar Purba (2012:62) tembung novel ingkang saking Indonesia menika asalipun saking tembung novel wonten ing basa basa Inggris, ananging tembung novel basa Inggris menika kapendhet saking basa Itali yaiku novella.

Novel menika gadhah kalih unsur inggih menika unsur intrinsik saha unsur ekstrinsik, wonten ngandhap menika badhe dipunjlentrehaken :

1. Unsur Intrinsik kadadosan saking tema, setting utawi latar, penokohan, alur utawi plot, saha sudut pandang.
  - a. Tema inggih menika gagasan umum ingkang nopang satunggaling karya sastra saha ingkang mlebet wonten ing teks. Minangka unsur semantis saha ingkang gayut sami lan bedanipun (Hartoko saha Rahmanto, 1986 : 142). Tema dipunsaring saking motif-motif ingkang wonten ing karya sastra ingkang gegayutan kangge namtuaken prastawa-prastawa, konflik saha kahanan tartamtu.
  - b. Latar / setting ugi minangka landas tumpu kangge ngaturaken pamrayogi kagge pangertosan papan, gayutan wekdal saha lingkungan sosial papan kadadosanipun prastawa-prastawa ingkang dipun cariosaken ( Abrams, 1981 : 175 ).
  - c. Penokohan inggih menika nglukisaken gambaran ingkang jelas bab tiyang ingkang dipuntingali ing satunggaling carios. Penokohan menika ngrembag perkawis sinten paraga carios, kadospundi

watakipun, saha gambaran ing carios saengga saged paring gambaran ingkang jelaskangge pamaos.

1) Tokoh Utami

Inggih menika paraga ingkang dados dipunutamiaken wonten ing cariosipun.

2) Tokoh Protagonis

Inggih menika paraga ingkang dipunkagumi nilai,norma saha tingkah lakunipun.

3) Tokoh Antagonis

Inggih menika paraga ingkang mboten dipunremeni amargi dadosaken konflik.

4) Tokoh Sederhana

Inggih menika paraga ingkang namung gadhah satunggal watak mawon.

5) Tokoh Bulat

Inggih menika paraga ingkang dipunungkap kapribadenipun.

6) Tokoh Statis

Inggih menika paraga ingkang gadhah watak tetap saha mboten berkembang.

## 7) Tokoh Berkembang

Inggih menika paraga ingkang nglampahi watak trep kaliyan laku cariosipun.

## 8) Tokoh Tipikal

Inggih menika Namung sekedhik ingkang ketinggal ananging langkung kathah padhamelan utawi kebangsaan.

## 9) Tokoh Netral

Inggih menika Paraga ingkang eksis kangge carios menika , gaya uripipun wonten dunia fiksi.

## 10) Tokoh Tambahan

Inggih menika paraga sanesipun carios menika.

- d. Alur / Plot inggih menika prastawa ing novel. Alur dipunperang dados 2 (kalih) inggih menika alur maju (progesif) menawi prastawa obah kanthi cara bertahap adhedhasar urutan kronologis tumuju alur carios. Lajeng ingkang kalih menika alur mundur (flash back progesif) menika kadadosan ingkang gayut kaliyan prastawa ingkang berlangsung.
- e. Sudut pandang (point of view) inggih menika strategi, teknik, siasat ingkang sengaja dipunpilih pengarang kangge paring gagasan saha cariosipun. Sudut pandang menika dipunperang dados tiga :

1) Sudut pandang tiyang sapisan utawi utami inggih menika

Pengarang ingkang ngginakaken sudut pandang paraga saha tembung ganti tiyang utami, nyariosaken menapa ingkang dipunlampahi piyambakipun saha ngandharaken ingkang dipun raosaken ngangge tembung-tembung piyambak.

2) Sudut pandang tiyang kaping kalih.

Pengarang ngginakaken sudut pandang paraga bawahan, langkung kathah ningali saking njawi tinimbang terlibat wonten ing carios menika, pengarang ngginakaken tembung ganti tiyang ketiga.

3) Sudut pandang campuran.

Pengarang ngginakaken sudut pandang impersonal, inggih menika wonten njawi carios, namung ningali, mirengaken saha mangertosi.

2. Unsur Ekstrinsik ugi kadadosan saking Unsur biografi, unsur sosial atau kisah dibalik layar, unsur nilai yang ada dalam masyarakat.

a. Unsur Biografi : ekstrinsik novel ingkang sapisan inggih mneika unsur biografi utawi latar panyerat. Latar panyerat langkung pengaruhi isi saha carios novel kanthi cara sigmifikan.

b. Unsur social ugi kalebet dados salah satunggaling unsur ekstrinsik novel. Unsur sosial utawi kahanan sosial sosial budaya langkung erat gayutanipun kaliyan kondisi masarakat nalika novel dipundhamel.

- c. Inggih menika nilai-nilai ingkang mlebet ing novel. Unsur menika ugi dados dhasarcarios novel ingkang gayut kaliyan nilai-nilai ingkang wonten ing novel, awujud nila agama, nilai sosial, nilai budaya saha nilai moral wonten ing cariyos.

Miturut Nurgiyantoro (2007: 9) novel menika saking tembung novella (basa Italia) ingkang nggadahi pangertosan barang ingkang alit. Miturut Abrams (lumantar Nurgiyantoro, 2007: 9) pangertosan novel menika wonten ewah-ewahanipun dados sebuah cerita pendek dalam bentuk prosa. Nurgiyantoro (2007: 10-11) Novel menika ngandharaken kanthi bebas, ngandharaken menapa kemawon ingkang kathah, langkung rinci, langkung detail saha wonten ing saebeting novel menika ugi kathah sanget prekawis- prekawis ingkang wonten . satemah novel menika boten kaiket dening watesan-watesan ingkang wonten, novel menika nyariosaken satunggal cariyos kanthi runtut lan wonten ing salebeting novel menika kathah prekawis-prekawis ingkang ndayani cariyos kalawau.

Novel miturut Sayuti (2000:10- 11) ngandharaken bilih novel menika asipat expands amargi perkawis ingkang wonten ing salebeting cariyos menika langkung komplek. Perkawis ingkang wonten boten namung satunggal ananging ugi kathah saha perkawis menika dipunlamapahi dening paraganipun ingkang sampun katamtoaken wekdalipun. Sedaya ingkang dipuncariyosaken menika ugi jumbuh kalihan temanipun.

Saking andharan wonten nginggil bilih ingkang kawastanan novel inggih menika karya sastra fiktif ingkang nggadahi ukuran tartamtu saha ingkang gadhah langkung saking satunggal karakter. Karya sastra ingkang ngandharaken kanthi bebas, kanthi rinci, kanthi detail saha kompleks.

#### 1. Unsur-Unsur Pambangun Novel

Novel menika salah satunggaling prosa *fiksi* ingkang gadhah *totalitas*, sedaya wosipun wonten novel menika asipat artistik. Kanthi gadhah totalitas, novel menika wonten maneka warna unsur-unsur pambangunipun, unsur setunggal kaliyan sanesipun kedah gayut supados novel menika saged runtut. Miturut Nurgiantoro (2007:22-23) unsur ingkang dipunginakaken wonten novel dipun perang dados kalih, yaiku unsur intrinsik lan unsur ekstrinsik.

Unsur intrinsik wonten ing salebeting novel inggih menika unsur-unsur ingkang bangun cariyos kanthi langsung. Wondene unsur-unsur intrinsikipun yaiku prastawa, carios, plot, paraga, tema, papan panggenan, sudut pandang pencitraan, basa utawi gaya bahasa. Wondene unsur ekstrinsik yaiku unsur ingkang boten kalebet wonten ing novel ananging unsur menika paring gayutan wonten ing salebeting novel. Miturut Wellek saha Werren lumantar Nurgiantoro (2007:23-24) unsur-unsur wau inggih menika *subjektivitas* panyerat ingkang kagungan sikap, penggalih, lan pandangan hidup, unsur-unsur wau saged dados pengaruh wonten ing

novel ingkang dipunserat.

a. Unsur Intrinsik

Unsur intrinsik yaiku unsur-unsur ingkang saged mbangun karya sastra lan saged mbangun cariyos ing novel kanthi langsung. Unsur setunggal kaliyan sanesipun saling gegayutan supados novel saged runtut. Miturut Nurgiantoro (2007:23) unsur intrinsic ingkang mbangun novel yaiku prastawa, cariyos, plot, paraga, tema, papan, sudut pandang pencitraan, basa utawi gaya bahasa. Ngandhap menika andharan unsur-unsur intrinsik wonten novel:

1) Paraga

Paraga wonten ing cariyos (character) miturut Abrams lumantar (Nurgiantoro, 2007:165) inggih menika tiyang-tiyang ingkang dipunparagakaken wonten ing salah satunggaling karya naratif, utawi drama, ingkang dipuntafsiraken kaliyan pamaos gadah kualitas moral. Paraga wonten ing karya fiksi (novel) perananipun penting sanget ing kualitas karya fiksi (novel). Paraga ingkang dipuntampilaken wonten ing karya fiksi (novel) dipundamel padha kaliyan pagesangan ing padintenan.

Miturut Wiyatmi (2008:30) paraga yaiku para tiyang ingkang lumampah wonten ing satunggaling karya fiksi. Paraga wonten ing fiksi menika karya saking panyerat, uga saged nggambaraken tiyang-tiyang saking pagesangan ing donya. Awit saking menika, ing salebeting fiksi



paraga kedahipun saged asipat alamiah. Tegesipun, paraga wonten ing fiksi menika saged gadhah ciri *lifelikeness* utawi kesepertihidupan.

## 2) Alur

Miturut Sayuti (2000:31-32) ngandharaken bilih alur utawi plot yaiku reroncening prastawa-prastawa kanthi gayutan *kausalitas* ingkang ngemot tiga babagan yaiku wiwitan, tengah lan pungkasan. Miturut Wiyatmi (2008:36-37) alur utawi plot menika saged kagambaraken kanthi mekaten :



Katranganipun inggih menika babagan wiwitan wosipun *eksposisi* ingkang ngandhut *instabilitas konflik*. Gayutanipun kaliyan cariyos novel menika , wonten ing novel bab wiwitan wosipun eksposisi menika nyariosaken wiwitanipun Dewi nglampahi pagesangan sasampunnipun dipuntilar bapakipun. Lajeng bab ingkang tengah ngandut *klimaks* ingkang ateges puncakipun saking konflik. Puncaking konflik saged kapendhet saking awitipun Bu Septi ngraos cubriya amargi Pak Panji asring boten kondur saha sampun nate ningali piyambak menawi Pak Panji kaliyan Dewi sesarengan. Bab ingkang pungkasan ngandhut *denoument* yaiku cara mungkasi *konflik*. Wonten ing pungkasan menika carios

dipunpungkasi kanthi sae amargi sedayanipun saged dados rukun.

Miturut andharan Stanton lumantar Nurgiantoro (2007:13) bilih plot menika yaiku cariyos ingkang wosipun rantaman prastawa-prastawa, ananging saben prastawa menika namung kagayutna kanthi sebab akibat.

### 3) Tema

Sayuti (2000:187) ngandharaken bilih tema menika yaiku makna cariyos, gagasan sentral, utawi dhasaripun cariyos, sedaya menika wau ateges salah satunggaling bab ingkang kedah dipungatosaken wonten ing karya sastra utawi fiksi. Miturut andharan saking Nurgiantoro (2007:74) tema wonten ing karya sastra menika namung salah satunggaling unsur ingkang mbangun cariyos menika, wondene tema menika notabene "hanya" wosing utawi gagasan dhasar saking satunggaling cariyos, ingkang boten saged kabentuk menawi unsur sanesipun boten wonten.

#### b. Unsur Ekstrinsik

Miturut Nurgiantoro (2007:23-24) ngandharaken bilih unsur ekstrinsik inggih menika :

*"Unsur-unsur yang berbeda di luar karya sastra itu, tetapi secara tidak langsung mempengaruhi bangunan atau system organism karya sastra, atau secara lebih khusus ia dapat dikatakan sebagai unsur-unsur yang mempengaruhi bangun cerita sebuah karya sastra, namun sendiri tidak ikut menjadi bagian di dalamnya, walau demikian unsur ekstrinsik cukup berpengaruh (untuk tidak dikatakan:cukup menentukan) terhadap totalitas bangun cerita yang dihasilkan."*

*Unsur ekstrinsik* menika uga kababar kanthi mapinten-pinten unsur,

unsur-unsur menika antawisipun inggih menika *“keadaan subjektivitas individu pengarang yang memiliki sikap, keyakinan, dan pandangan hidup yang kesemuanya itu akan mempengaruhi karya yang ditulisnya”*. Miturut Wellek saha Warren lumantar Nurgiantoro (2007:24) unsur sanesipun inggih menika psikologi panyerat (ingkang wosipun proses kreatif), psikologi pamaos lan prinsip psikologi wonten ing karya sastra menika. Unsur kayata ekonomi, politik lan sosial uga kalebu unsur ekstrinsik wonten ing karya sastra.

## **2. Pangertosan konflik sosial**

Miturut Nurgiantoro (2007:22) ngandharaken bilih *konflik* menika kadadean ingkang wigatos amargi *konflik* menika unsure *esensial* ingkang ambangun plot utawi alur. Konflik menika satunggaling cara panganggit kangge narik kawigatosan pamaos, amargi ngandharaken wujud lan wosing *konflik* uga kadospundi *konflik* menika kaandharaken. Kaprigelan saking panganggit anggenipun ngrantam lanbangun karya sastra menika kangge narik kawigatosan pamaos.

Nurgiantoro (2000:179) Ngandharaken bilih paraga murugaken konflik dipunsebut paraga antagonis. Paraga antagonis paraga antagonis menika posisinipun kaliyan paraga protagonis, kanthicara langsung utawi mboten langsung, sipat fisik utawi batin. Saget dipunandharaken bilih gayut atar paraga ingkang gadhah perbedaan watak, sikap, kepentingan, cita-cita saha pangarep-arep dados murugaken konflik ing carios.

Semi (1988: 45) ngandharaken bilih konflik wonten fiksi menika kadados saking konflik internal inggih menika pertentangan kalih pepinginan wonten ing piyambakipun paraga saha konflik eksternal, inggih menika antawis setunggal paraga kaliyan paraga sanesipun utawi antawis paraga kaliyan lingkunganipun. Andharan saking Wellek & Werren lumantar Nurgiantoro (2007:122) *konflik* menika “sesuatu yang dramatik mengacu pada pertarungan antara dua kekuatan yang seimbang dan menyiratkan adanya aksi dan aksi balasan”.

*Konflik* sosial inggih menika *konflik* ingkang kasebabna kanthi wontenipun kontak sosial antawisipun manungsa, utawi perkawis-perkawis ingkang kasebabna amargi gegayutan kaliyan manungsa. Miturut Nurgiantoro (2007:124) *konflik* sosial menika awujud perkawis perburuhan, peniindasan, padudon, peperangan, utawi perkawis-perkawis sosial sanesipun.. Jumbuh kaliyan andharan ing nginggil menika bilih konflik menika yaiku malika setunggal tiyang antawisipun tiyang sanes ingang gadhah mapinten-pinten perkawis, saged agawe tiyang menika padudon menawi boten sami kaliyan pamanggihipun.

Prastawa saged ndadosaken konflik. Sawalikipun, amargi konflik, prastawa-prastawa sanes ugi saged medal, tuladhanipun ingkan dados akibatipun. Konflik-konflik ingkang dipunsusul prastawawa-prastawa saged nuwuhaken konflik langkung ningkat. Dados. Sebab-sebab konflik kasebat saged dipunpendhet dudutan, konflik ajeg sifatipun ngrisak, saha

konflik menika saget nuwuhaken konflik ingkang langkung, saengga nyebabaken perubahan ingkang mboten saget dipunhindari., saha perubahan badhe ngarah ing peningkatan mutu manungsa, saengga wotenipun konsekuensi ngrugikaken utawi untungipun saged tuwuh saking kadadosanipun prastawa satunggal kaliyan satunggalipun.

*Konflik* menika wujud dramatic pramila *konflik* ing karya sastra menika asipat *imajinatif*. Meredith saha Fitzgerald (wonten Nurgiyantoro, 2002:122) Ngandharaken bilih konflik menika gadhah sifat mboten ngremenaken ingkang kadadaos utawi dipunlampahi paraga(-paraga) ing carios, ingkang menawi paraga (-paraga) menika gadhah kabebasan kangge milih, (tiyang sanes) mboten milih prastawa menika kangge nimpa awakke dhewe.

### **3. Pangertosan Sosiologi Sastra wonten ing karya sastra**

Miturut Atmazi (2005:14), pendekatan sosiologis inggih mneika kritik sastra ingkang badhe nudohaken segi-segi sae wonten ing karya sastra utawi njawi karya sastra. Karya sastra dipunanggep dados lembaga sosial ingkang woten ing kadadosan sosial ing masarakat. Fokus kajian pendekatan ingkang bersandar kaliyan teori-teori sosiologi sastra menika dipunarahken gayut antawis kasunyatan ing karya sastra saha kasunyatan ing njawi karya sastra.

Kajian sosiologi karya sastra gadhah kecenderungan kangge supados mboten ningali karya sastra minangka sedayanipun, ananging

namung unsur-unsur sosio budaya ingkang wonten ingkang wonten ing karya sastra. Kajian namung adhedhasar isi carios, tanpa ngowahi struktur karya sastra. Kamangka, miturut Junus (1986 : 3-5) sosiologi karya sastra ingkang ningali karya sastra minangka dokumen sosial budaya dipuntandai menika : (1) unsur (isi/carios) ing karya sastra dipunpendhet saking gayutanipun kaliyan unsur sanes. Unsur kasebat kanthi cara langsung gayut kaliyan unsur sosio budaya amargi karya menika namung mindahaken unsur menika ing piyambakipun. (2) pendekatan menika saged mendhet citra bab sanes, tuladhanipun wanita, priya, tiyang asing, tradisi, dunia modern, saha sanesipun, wontem stunggal karya sastra utawi ing sanesipun karya ingkang saged dipuntingali wonten ing perspektif perkembangan. (3) pendekatan menika saget mendhet motif utawi tema ingkang wonteng ing karya sastra ingkang gayut kaliyan kasunyatan ing njawi karya sastra. sosiologi sastra inggih menika telaah sosiologis ing karya sastra. Telaah sosiologis menika gadhah tiga klasifikasi (andharanipun Wellek saha Warren ing Atar Semi: 53) inggih menika :

- a. Sosiologi pengarang : inggih menika perkawis bab status sosial, idiologi politik, saha sanesipun ingkang gayut kaliyan status pengarang.
- b. Sosiologi karya sastra : inggih menika perkawis bab karya sastra kasebut saha menapa tujuanipun utawi pamrayogi ingkang

badhe dipun andharaken.

- c. Sosiologi sastra : inggih menika perkawis bab pamaos saha pengaruh sosialipun bab masarakat.

Miturut Damono (1979:8) sastra menika kayata sosiologi, sastra uga gayutan kaliyan manungsa saha masarakat, tegesipun satunggaling *usaha* manungsa kangge *menyesuaikan* piyambakipun lan *usaha* kangge ngubah masarakat wonten ing lingkunganipun. Wondene karya sastra menika ngandharaken aspek manungsa ing masarakat kayata: manungsa kaliyan kulawarganipun, lingkunganipun, politik, lan nagari. Miturut Ratna (2004:59-60) pendekatan *sosiologis* menika nganalisis manungsa ing masarakat, kanthi proses pemahaman saking masarakat dumugi individu. Wosing *filosofis* saking pendekatan *sociologis* inggih menika wontenipun gegayutan hakiki antawisipun karya sastra kaliyan masarakat.

Sosiologi sastra inggih menika salah satunggaling ngelmu ingkang dipunginakaken kangge ndudah karya sastra. Sosiologi sastra asalipun saking tembung sosiologi kaliyan sastra. Sosiologi menika saking basa Yunani, sosio (*socius*) kaliyan logi (*logos*). Sosio (*socius*) ingkang tegesipun sesarengan, kanca, nyawiji, saha tembung logi (*logos*) ingkang tegesipun inggih menika sabda, unen-unen, perumpamaan. Makna saking tembung *socius* kaliyan *logos* kalawau ngalami pangrembakan makna. *Socius* tegesipun dados masarakat dene tembung *logos* tegesipun dados ngelmu. Satemah tembung sosiologi tegesipun inggih menika ngelmu

ingkang nyinau gayutanipun satunggaling tiyang kaliyan tiyang sanes wonten ing masarakat ingkang *umum, rasional, saha empiris*.

Sastra asalipun saking basa sansekerta inggih menika sas ingkang tegesipun mulang, nedahaken, saha tembung tra ingkang tegesipun sarana utawi piranti. Sastra tegesipun piranti utawi sarana ingkang dipunginakaken kangge nedahaken, mulang, utawi nyinau. Dados *sosiologi* sastra inggih menika ilmu ingkang nyinau gayutipun karya sastra kaliyan masarakat umum.

Andharan saking Suroso (2009:103) sosiologi sastra adhedhasar karya sastra menika yaiku refleksi utawi cerminan masarakat wonten ing zaman karya sastra menika ingkang sinerat. Panyerat ingkang dados satunggaling piyantun masarakat boten saged medal saking lingkungan sosial budaya, politik, keamanan, ekonomi lan alam ingkang wonten salebeting lingkunganipun.

Wondene miturut Lurenson saha Swingewood lumantar Endraswara (2011:79) wonten tiga *prespektif* ingkang gayutanipun kaliyan sosiologi sastra yaiku : (1) karya sastra dados dokumen sosial ingkang adhedhasar *refleksi situasi* ing sastra menika, (2) karya sastra dados *cerminan* kahanan sosial panyeratipun, lan (3) sastra dados manifestasi prastawa sejarah lan kadadosan sosial budaya.

Faruk (1994: 1) "*memberi pengertian bahwa sosiologi sastra sebagai studi ilmiah dan objektif mengenai manusia dalam masyarakat, studi mengenai lembaga dan proses-proses sosial. Selanjutnya, dikatakan bahwa sosiologi berusaha menjawab pertanyaan mengenai bagaimana masyarakat dimungkinkan, bagaimana cara kerjanya, dan mengapa*



*masyarakat itu bertahan hidup. Lewat penelitian mengenai lembaga-lembaga sosial, agama, ekonomi, politik dan keluarga yang secara bersama-sama membentuk apa yang disebut sebagai struktur sosial, agama, ekonomi, politik, dan keluarga yang secara bersama-sama membentuk apa yang disebut sebagai struktur sosial, sosiologi dikatakan memperoleh gambaran mengenai cara-cara menyesuaikan dirinya dengan dan ditentukan oleh masyarakat-masyarakat tertentu, gambaran mengenai mekanisme sosialitas, proses belajar secara kultural yang dengannya individu-individu dialokasikannya pada dan menerima peranan tertentu dalam struktur sosial itu.*

*Sosiologi sastra memiliki perkembangan yang cukup pesat sejak penelitian-penelitian yang menggunakan teori strukturalisme dianggap mengalami stagnasi. Didorong oleh adanya kesadaran bahwa karya sastra harus difungsikan sama dengan aspek-aspek kebudayaan yang lain, maka karya sastra harus dipahami sebagai bagian yang tak terpisahkan dengan sistem komunikasi secara keseluruhan."*

Pangertosan novel ing pandangan H.B Jassin (1977:64) ngandharaken bilih novel minangka karangan prosa ingkang asifat carios ingkang nyariosaken kadadosan ingkang luar biasa wonten ing pagesangan manungsa. Sumardjo saha Saini (1997:29) novel sami kaliyan roman, tembung novel asalipun saking basa Italia saha ngembang wonten Inggris lam Amerika Serikat. Roman saha novel gadhah perbedaan inggih menika bentuk novel langkung cekak saking roman, ananging ukura luasipun unsur carios langkung sami.

## **B. Panaliten Ingkang Jumbuh**

Panaliten menika uga jumbuh kaliyan panaliten saking Retno Sumilir kanthi irah-irahan *Konflik Sosial wonten ing Kalawarti Djaka Lodhang edisi Mei-September 2015*. Panaliten menika sami sami panaliten ingkang mungkasi konflik sosial ananging wonten ing panaliten menika kanthi objek cerkak wonten ing kalawarti Djaka Lodhang.

Salajengipun, panaliten menika panaliten ingkang kaanalisis kirang langkung sami kaliyan panaliten *Konflik Sosial wonten ing Novel Pawestri Tanpa Identiti anggitanipun Suparta Brata (Kanthi pendekatan Sosiologi Sastra)*. Panaliten menika ugi ngandharaken menapa kemawon wujudipun konflik sosial pawadan ingkang murugaken konflik sosial lan cara paraga mungkasi konflik sosial wonten ing novel *Pawestri Tanpa Identiti anggitanipun Suparta Brata (Kanthi pendekatan Sosiologi Sastra)*.

### C. Nalaring Panaliten

Wonten ing pagesangan menika sampun mesthi wonten konflik-konflik. Konflik-konflik menika kangge mulangaken piwulangan ingkang wonten ing pagesangan. Ngandharaken menapa ingkang leres saha menapa ingkang luput. Sami kalihan wonten ing novel, cariyos novel- novel menika sami mendhet saking pagesangan ingkang nyata. Anggenipun penganggit ngrantam menika jumbuh kalihan pagesangan ingkang dipunlampahi dening penganggit menapa saking tiyang sanes.

Sanajan saben tiyang menika konflik- konflik wonten ing pagesangan menika benten antawisipun satunggal kalihan satunggalipun, kanthi novel menika saged ngandharaken menapa kemawon konflik saha kados pundi ngudhari prastawa-prastawa menika kalawau. Satemah panaliten menika kanthi pangajab supados saged paring tuladha konflik- konflik ingkang wonten saha paring piwulang dhateng tiyang ingkang maos.

